

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

1.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan ngeunaan upacara adat nikah Sunda disawang tina struktur jeung semiotikna, ngagambarkeun kamekaran budaya Sunda anu masih dipiara jeung diparaké kénéh ku masarakatna. Sok sanajan dina upacara adat nikah Sunda ngalaman parobahan jeung kamekaran diluyukeun jeung situasi panéka jaman. Ari maksudna sangkan éta budaya téh teu luntur ku waktu, teu léah ku jaman, tapi kudu ngigelan jeung ngigelkeun pajamanan.

Dumasar hasil ngolah data jeung analisis, bisa dicindekkeun:

- 1) Runtuyan upacara adat nikah Sunda kabagi kana tilu bagian, nya éta (a) Saméméh nikah (*pra marital*), (b) Prungna nikah (*Ijab kabul*), (c) Sabada nikah (*post marital*).
- 2) Dina saméméh nikah di antarana sok aya (a) Totoongan/téténjoan, (b) Neundeun omong, (c) Nyeureuhan/nanyaan/tunangan, (d) Ngajadikeun, (e) Seseurahan, (f) Ngaos, (g) Ngaras, (h) Siraman/ngebakan, (i) Ngerik/neukteuk rambut, jeung (j) Ngeuyeuk seureuh. Eta runtuyan dina saméméh nikah téh bisa kabéhanana dilaksanakeun atawa sabagian baé, dipilih dumasar kana kabutuhan atawa kamampuh` nu ngalaksanakeun hajat upacara adat nikah Sunda. Biasana mah anu remen kapanggih jeung dilaksanakeun dina runtuyan saméméh nikah téh, nya éta totoongan jeung seseurahan.

- 3) Runtuyan prungna nikah nya éta: (a) Mapag pipanganténeun lalaki, (b) Akad nikah, anu ngawengku: ngaos ayat suci Al Qur'an, hotbah nikah, ijab kabul, nanda surat nikah, maca talik talak, masrahkeun mas kawin, jeung do'a. Hal anu poko dina bagian prungna nikah, nya éta ayana pipanganténeun lalaki, wali, ijab kabul jeung maskawain anu jaman kiwari mah sok dibayar kontan, sarta patugas KUA.
- 4) Runtuyan sabada nikah nya éta: (a) Sembah sungkem, (b) Mindahkeun ali, (c) Piwejang ti sepuh atawa patugas KUA, (d) Nyawér, (e) Meuleum harupat, (f) Nincak endog jeung élékan, (g) Buka pintu, (h) Huap Lingkung, (i) Ngeureut kueh pangantén, (j) Resepsi, (k) Numbas, jeung (l) Ngunduh mantu. Sarua jeung dina saméméh nikah, runtuyan sabada nikah ogé bisa dilaksanakeun sagemblengna atawa sabagian dumasar kabutuh jeung kamampuh anu boga hajat dina ngayakeun upacara adat nikah Sunda. Ngan biasana mah sembah sungkem jeung nyawér mah pasti aya sanajan hajatna leutik ogé.
- 5) Jadi anu nangtukeun runtuyan upacara adat nikah Sunda, utamana bagian saméméh jeung sabada nikah lengkep henteuna gumantung ka nu boga hajat dina ngalaksanakeunana, ari nu jadi lantaranana mah biasana masalah waktu jeung waragad.
- 6) Ma'na anu jadi simbul dina upacara adat nikah Sunda gumantung kana kaayanana baé. Bisa dipilih tina sajumlahna pancarakén nu disebut di luhur, atawa ditambahan ku pancarakén sejénna gumantung kana kabutuhan jeung kondisi daérah lumangsungna upacara adat nikah baé. Sakabéh simbul-simbul dipedarna téh dumasar kana falsafah Sunda nu ngandung harti, ma'na jeung tujuan, anu miboga silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita.

- 7) Ma'na dina upacara adat saméméh nikah Sunda, nya éta (a) Totoongan/téténjoan, hartina proses awal awéwé lalaki silih taksir, (b) Neundeun omong, hartina pihak lalaki mapay kaayaan awéwé ka sepuhna, (c) Nyeureuhan/nanyaan/tunangan, hartina pihak lalaki ngalamar mojang ka sepuhna, (d) Ngajadikeun, hartina sepuh pihak lalaki jeung awéwé, badami sagala hal pikeun nangtukeun iraha-irahana nikahkeun, (e) Seserahan, hartina sepuh pihak lalaki, ngajajapkeun putrana (calon pangantén lalaki) ka sepuhna awéwé, (f) Ngaos, hartina maksudna neneda ka Alloh SWT, mugi-mugi pernikahan téh aya dina kasalametan, (g) Ngaras, hartina tanda bakti anu anak ka ibu ramana atawa “mulangkeun cisuus”, husus putra lalaki ka nu jadi ibuna, (h) Siraman/ngibakan, maksudna ngabersihan pangantén raga sukmana, (i) Ngerik/neukteuk rambut, maksudna miceun halangan harungan, kokotor batin, jeung (j) Ngeuyeuk seureuh, hartina méré gambaran atawa mapatahan ka pipanganteneun dina urusan campur gaul lalaki jeung awéwé (*sex education*), boh keur paduduan, boh jeung kulawarga atawa masarakat sabudeureun éngké pangantén tumetep hirup laki rabi
- 8) Ma'na anu nyangkaruk dina runtuyan prungna nikah nya éta (a) Mapag pipanganténeun lalaki, hartina ngabagéakeun pipanganténeun lalaki ku ngangkalungkeun manglé malati ngandung harti seja meungkeut calon mantu ati sanubarina ku kanyaah jeung kadeudeuhti ibu rama pipanganténeun awéwé, (b) Akad nikah silih cekelan leungeun dina ngalaksanakeun ijab kobul antara pipanganténeun lalaki jeung rama pangantén awéwé, ngandung harti serén suméréan tanggung jawab pipanganteneun awéwé ka nu jadi salakina kalawan pinuh ku rasa percaya bisa ngajaga jeung nalingankeun dina kahirupan saterusna. Beh dituna ngaleupaskeun kawajiban kolot ka anak awéwé jadi kawajiban salakina.

Dina waktu sasalaman sakapeung sok aya rama pangantén awéwé anu pageuh tipepereket nyekel leungeun pangantén lalaki, ieu ogé ngandung harti banget ku beurat dina masrahkeun anu jadi budak awéwéna bakat ku nyaah.

- 9) Ari ma'ana anu nyangkaruk dina runtuyan sabada nikah Sunda, nya éta:
- (a) Sembah sungkem hartina pamajikan seja satuhu ka salaki nu bener-bener jadona pamingpin kulawargana,
 - (b) Mindahkeun ali, hartina geus robah anu tadina ngan sakadar béné-beureuh kiwari geus jadi salaki pamajikan,
 - (c) Piwejang ti sepuh atawa patugas KUA, eusina mangrupa papatah atawa pituah pikeun ngambah hirup laki rabi salaku salaki jeung pamajikan,
 - (d) Nyawér tawis kabingah, piwuruk ka pangantén awéwé lalaki secara simbolik, yén hirup kudu daék méré mawéh ka sasama,
 - (e) Meuleum harupat, hartina hirup kudu sumanget (hurung), tapi ulah getas harupateun. Upama salaki ngaberung napsu, nya pamajikan anu kudu nyéos napsu salakina, nu matak harupat nu hurung téh di pareuman ku pamajikanna,
 - (f) Nincak endog jeung élékan, hartina ngalambangkeun yén pangantén awéwé jeung pangantén lalaki nu nikah téh tétéla masih kénéh beresih. Ngawasuh sampéan salaki nembongkeun sang awéwé seja tumut ka salaki, asal salaki leumpang dina jalan nu suci bersih,
 - (g) Buka pintu, hartina ngalambangkeun kataraptian atawa ati-atina pamajikan. Teu sagawayah nampi tamu nu sumping. Dalah salaki ogé kudu ati-ati, bisi aya anu nyamur, jeung disuhunkeun maca sahadat téh, siloka yén nu badé lebet ka imah kudu beresih itikadna,
 - (h) Huap lingkung, hartina nembongkeun karukunan nu rumah tangga,
 - (i) Ngeureut kuéh pangantén, hartina sauyuna dina ngatur jeung makayakeun rejeki,
 - (j) Resepsi, hartina rasa sukur jeung béwara ka sakumna dulur-dulur, baraya, jeung tatangga yén ayeuna éta pipanganteneun téh kiwari

geus sah jadi salaki pamajikan, (k) Numbas, hartina sepuhna pangantén awéwé, ngébréhkeun kabungah manahna, pédah putrana kaayaanana masih kénéh suci, jeung (l) Ngunduh mantu, hartina hajatan di pihak lalaki tanda kabungah manah

10) Kréatifitas anu diayakeun dina upacara adat nikah Sunda, saperti (a) mapag pangantén maké léngser, nu tari, ponggawa anu mawa umbul-umbul atawa payung, (b) nyawér, jeung (c) buka pintu, kabéhanana teu leupas sangkan upacara adat nikah Sunda tetep dipikaresep jeung diparaké ku masarakat Sunda dina nikahkeun

Tina hasil wawancara jeung observasi kapanggih yén kiwari runtuyan upacara adat Sunda leuwih nyoko kana unsur hiburan, utamana runtuyan saméméh jeung sabada nikah. Sakapeung sok aya pembawa acara (MC) anu medar ma'na simbul-simbul pancarakén anu dipaké dina upacara adat Sunda, tara ieu dibarandungan kalawan daria, kitu baé dianggap panglengkep dina upacara adat nikah. Ieu hal téh bakal karasa pisan upama ngabandungan upacara ngeuyeuk seureuh anu geus leungit kasakralanana.

5.2 Saran

Upacara adat nikah Sunda minangka kabudayaan anu turun-tumurun, teu kapaluruh iraha jeung saha anu ngamimitianana sarta kiwari masih dipiara jeung diparaké kénéh ku masarakat Sunda. Jadi, dina ngamumulé jeung mekarkeun budaya upacara adat nikah Sunda anu dumasar tina hasil ieu panalungtikan téh aya sababaraha saran nu baris ditepikeun.

Padoman atawa cecekelan keur juru rias, pembawa acara, *wedding organizer*, jeung sanggar seni ngeunaan upacara adat nikah Sunda kudu disusun sarta dijieun buku

anu lengkep, lantaran bisi masarakat geus leungiteun ma'na jeung tujuanana dina ngayakeun upacara adat nikah Sunda, lain ngan sakadar hiburan ngaramékeun dina hajatan nikah. Bisi keuna ku paribasa *Cul dogdog tinggal igel*.

Pikeun panalungtik satuluyna, pedaran upacara adat nikah Sunda dina ieu panalungtikan téh kakara nepi ka hal anu sipatna umum, nya éta ngeunaan runtuyan jeung ma'na upacara adat nikah Sunda. Ku kituna, perlu kénéh panalungtikan upacara adat nikah Sunda nu patali jeung widang-widang séjénna saperti widang sosial, ekonomi jeung réa-réa deui.